# Дзамболат.

Царди-уыди сидзæр лæппу. Йæ ном хуынди Дзамболат. Сæхицæн æй райстой тынг фыдзæрдæ адæм. Дзамболат куыд æххуырст, афтæ куыста къæбæры мурыл. Мæнæу иу байтыдта, фæззæджы тыллæг æмбырд кодта, ацыд иу тархъæдмæ зокъотæ æмæ гагадыргътæм, фурды кæсаг ахста.

Иуахæмы хæдзары хицау арвыста Дзамболаты зокъотæм. Сæккой кодта стыр тæскъ æмæ ацыд. Байдзаг ис йæ тæскъ, фæлæ ма æнæнхъæлæджы ауыдта æрдузы, кæрдæджы астæу, рæсугъд зокъо. Дзамболат æм хæстæг бацыд. Æртонон æй, зæгъгæ, афтæ зокъо сдзырдта адæймаджы хъæлæсæй:

- Лæппу, дæ хорзæхæй, ма мæ æртон, æз дæр дын феххуыс кæндзынæн.

- Хорз,- загъта лæппу.

Зокъо цалдæр æрмдзæфты акодта æмæ æрцыд диссаг. Лæппуйы раз февзæрд ног стыр хæдзар. Дзамболатæн йæ цинæн нал уыд кæрон. Райдыдта цæрын зæрдæхæлар адæмимæ, йæ бинонтимæ. Уæдæй фæстæмæ лæппу нал зыдта цы у фыдбон æмæ фыдлæг.

